


# Maladi Coronavirus (COVID-19)



Te gen yon pakèt kouvèti enfòmasyon nan medya yo sou Coronavirus (COVID-19). Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ap siveye deklanchman an deprè.

Nou konnen sa ka enkyetan pou oumenm ak fanmi ou, epi nou vle pataje enfòmasyon enpòtan sou deklanchman maladi sa a.

## **Kisa yon coronavirus ye?**

Yon coronavirus se yon gwoup viris ki lakòz maladi soti nan rim sèvo jouk rive nan maladi respiratwa ki pi grav. Viris ki lakòz COVID-19 lan se yon nouvo coronavirus ki soti nan Vil Wuhan, nan Lachin epi yo pa te konn wè li nan moun anvansa. COVID-19 lakòz sentòm tankou lafyè, tous, ak difikilte pou respire.

## **Kimoun ki gen plis risk?**

Yo konsidere risk la fèb pou sante apati viris la aktyèlman Ozetazini pou piblik Ameriken an anjeneral. Moun ki gen plis risk yo se moun aje yo, tibebe, ak moun ki gen pwoblèm sante kache alabaz oswa ki gen sistèm iminitè feb. Travayè swen sante k ap pran swen pasyan ki gen viris la dwe pran anpil prekosyon tou. Aktyèlman, CDC rekòmande pou ou evite vwayaj pou ale oswa pou soti nan Lachin ak Kore Disid. Pou jwenn enfòmasyon ajou osijè vwayaj, ale sou [www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/travelers](http://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/travelers).

## **Èske gen yon vaksen pou COVID-19?**

Pa gen okenn vaksen kont COVID-19 jiska dat. Chèchè yo toupatou nan lemond ap travay pou aprann plis sou viris sa a.

*kontinye sou pwochen paj la*

# Maladi Coronavirus (COVID-19)

## Kisa mwen ka fè pou pwoteje tèt mwen ak fanmi mwen?

Meyè fason pou anpeche nenpòt viris pwopaje se:



Lave men ou avèk savon ak dlo tyèd pandan 20 segonn omwen. Sa ka ede tou si ou itilize yon dezenfektan pou men, men li toujou preferab pou ou lave men ou. Anseye timoun yo byen bonè fason pou yo lave men yo kòrèkteman.



Evite manyen zye ou, nen ou ak bouch ou.



Evite kontak toupre avèk moun ki malad yo.



Rete lakay ou lè ou malad.



Kouvri bouch ou ak yon klinèks lè wap touse oswa etènye, apre sa jete klinèks la nan fatra. Si ou pa gen yon klinèks, touse nan pli koudbra ou, pa touse nan men ou.



Netwaye ak dezenfekte sifas ak kote moun manyen yo tankou manch pòt, manch bagay yo, bouton limyè yo, ak telefòn ou.

Kontinye pratike bon ijyèn pou anpeche pwopaje coronavirus ak lòt maladi grav tankou grip.

## Èske pral gen nenpòt chanjman nan klinik doktè mwen?

Pwofesyonèl swen sante yo ap pran prekosyon selon bezwen yo. Si ou se yon pasyan yon doktè founisè AdvantageCare, ou ka wè kèk chanjman tankou mask ki disponib pou nenpòt moun ki gen yon tous oswa sentòm. Pèsonèl la ka mande ou tou si ou te wwayaje dènyèman nan zòn ki enfekte yo. Ou pa bezwen pè; pwotokòl sa yo an plas pou garanti sekirite oumenm ak kominote ou.

## Kijan mwen ka jwenn enfòmasyon egzat sou viris sa a?

Nou rekòmande pou ou pran enfòmasyon ou pou zafè lasante nan sous ou ka fè konfyans tankou:

- Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) nan [cdc.gov](https://www.cdc.gov).
- Òganizasyon Mondyal Lasante (World Health Organization, WHO) nan [who.int](https://www.who.int).
- Sitwèb Depatman Sante Eta oswa Depatman Sante Lokal ou.
- Doktè oswa pwofesyonèl swen sante ou.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [emblemhealth.com](https://www.emblemhealth.com) oswa jwenn nou sou rezo sosyal yo.   